



**Eta Laflorid**  
**Depatman Lasante**  
**Biwo Estatistik Vital**  
**APLIKASYON POU BATISTÈ LAFLORID**

**Kondisyon kòmman-nan:** Si aplikasyon an ap mande batistè pa li, si aplikasyon an se paran, gadyen oswa reprezantan legal moun ki sou batistè-a, aplikasyon an dwe ranpli aplikasyon sa-a epi bay yon **pyès idantite valid ki gen foto**. Si aplikasyon an pa youn nan moun nou sot site la-yo, youn moun ki gen dwa pou sa dwe ranpli yon Deklarasyon sou Sèman pou Livrezon Batistè epi bay-li ansanm ak fòm aplikasyon sa-a. Men pyès idantite ak foto ki aseptab: **Lisans, Kat Idantite Eta a ba ou, Paspò, ak/oswa Kat Idantite Militè.**

NON KONPLÈ TIMOUN-NAN JAN LI PARÈT SOU BATISTÈ-A	PRENON			DEZYÈM PRENON	NON FANMI	SIFIKS
SI NON-AN CHANJE DEPLÈ TIMOUN-NAN FÈT, BAY NOUVO NON-AN	PRENON			DEZYÈM PRENON	NON FANMI	SIFIKS
DAT NESANS	MWA	JOU	ANE (4 CHIF)	NIMEWO DOSYE (Si ou konnen-li)		SÈKS
KOTE TIMOUN-NAN FÈT	LOPITAL			VIL OSWA VILAJ	KONTE	
NON JÈNFI MANMAN-AN (Non anvan li marye)	PRENON			DEZYÈM PRENON	NON FANMI	SIFIKS
NON PAPA-A	PRENON			DEZYÈM PRENON	NON FANMI	SIFIKS

**RECHÈCH YON BATISTÈ MANDE YON PYÈS IDANTITE VALID KI GEN FOTO AVÈK YON PEMAN \$9 ALAVANS EPI YO PAP REMÈT LAJAN SA-A.**

Yon Sètifika sou Òdinatè koute \$9 epi frè sa-a bay aplikasyon an dwa a yon nesans ki anrejistre (1917 rive jounen jodi-a) oswa si yo pa jwenn ankenn dosye, y'ap bay yon deklarasyon sètifye ki di, "Nou pa jwenn Dosye-a".

- **TOUJ** Ajans Leta ak Federal rekonèt epi asepte Sètifika sou Òdinatè sa-a.
- **Si moun-nan te fèt anvan 1917, chwazi Sètifika sou Òdinatè pou \$9.**
- **Dabitid sa pran ant 3 a 4 jou ouvrab, depi dosye-a ak aplikasyon-an konplè epi annòd.**

Yon Fotokopi Batistè-a (*alapas yon Sètifika sou Òdinatè*) mande yon frè \$5 anplis epi sa enkli frè \$9 pou rechèch-la. Dabitid sa pran apeprè 10 jou ouvrab.

**Deskripsyon de tip Sètifika-yo sou do paj sa-a.**

**Sètifika Anplis:**

\$4 pou chak Sètifika sou Òdinatè ke moun mande anplis

**Fotokopi Batistè Anplis**

\$4 pou chak Fotokopi Batistè ke moun mande anplis

**Pou Rechèch Ane Anplis:**

Yo mande \$2 pa ane. Frè maksimòm pou rechèch-la se \$50 kèlkesywa kantite limit ane pou yo chèche-a.

(Endike **de ki ane a ki ane** pou yo chèche nan dezyèm kare-a.)

<input type="text"/>	X	<input type="text"/>	=	<input type="text"/>
<input type="text"/>	X	<input type="text"/>	=	<input type="text"/>
<input type="text"/>	X	<input type="text"/>	=	<input type="text"/>
<input type="text"/>	X	<input type="text"/>	=	<input type="text"/>
<input type="text"/>	X	<input type="text"/>	=	<input type="text"/>
<input type="text"/>	X	<input type="text"/>	=	<input type="text"/>

**Batistè Komemoratif,** ke Gouvènè ki la-a kounyeya siyen epi ke ou kapab ankadre. Sa koute \$25 epi fòk ou kòmande yon Sètifika sou Òdinatè tou pou \$9 pou ou kapab resevwa Batistè Komemoratif-la. (**Livrezon-an pran 4 a 6 semèn**)

Pou wè yon modèl, vizite sit Entènèt nou-an ki se: : [http://www.doh.state.fl.us/planning\\_eval/vital\\_statistics/commem.htm](http://www.doh.state.fl.us/planning_eval/vital_statistics/commem.htm)

**KÒMANN ESPRÈS** (Si ou vle): Yo mande \$10 pou sèvis ESPRÈS.

Si ou vle sèvis ESPRÈS, ou dwe nake "**RUSH**" (ESPRÈS) pa deyò anvlop-la (*Sa pran apeprè 1 a 2 jou ouvrab*)

Tcheke isit la pou kòmman an ijans =

**KANTITE LAJAN OU BAY:** Ekri chèk la oswa "money order" a bay Vital Statistics (**PA VOYE LAJAN KONTAN**)

Peman ki soti lòtbòldo dwe fèt grasa chèk kesye oswa "money order" an dola ameriken.

Lwa Laflorid mete yon \$15 anplis kòm frè sèvis pou chèk yo pa onore

**VOYE FOTO KOPI KI PAPYE IDANTIFIKASYON VALAB. SINON NOU PAP KAPAB KONPLÈTE KOMAND OU A.**

**NON AK ADRÈS LIVREZON APLIKAN-AN**

*Lè ou byen konnen w'ap bay enfòmasyon ki pa vre sou yon sètifika, yon dosye oswa yon rapò ke Chapit 382 Estatè Laflorid-yo mande, oswa sou nenpòt ki aplikasyon oswa deklarasyon sou sèman, oswa lè ou chache jwenn enfòmasyon nan men Vital Record pou fè sa ki pa sa, se yon krim twazyèm degre ke y'ap pini selon kondisyon ki nan Chapit 775 Estatè Laflorid-yo.*

Non Aplikasyon-an TAPE OSWA EKRI AN LÈT DETACHE	PRENON	DEZYÈM NON	NON FANMI (SA ENKLI SIFIKS)
ADRÈS LIVREZON-AN (ENKLI NIMEWO APATMAN-AN, SI SA APLIKAB)	VIL ETA		ZIP KÒD
NIMEWO TELEFÒN LAKAY NIMEWO TELEFÒN TRAVAY	RELASYON AK MOUN KI ANREJISTRE-A		SIYATI APLIKAN-AN
SI OU SE YON AVOKA, BAY NIMEWO LISANS-OU	SI OU SE YON AVOKA, BAY NON MOUN OU REPREZANTE-A AK RELASYON YO GENYEN AK MOUN KI ANREJISTRE-A		

**SI SÈTIFIKA-A DWE AL JWENN YON LÒT MOUN OSWA DWE ALE NAN YON LÒT ADRÈS, SÈVI AK ESPAS ANBA-A POU ESPESIFYE NON AK ADRÈS-LA.**

NON MOUN KI POU RESEVWA LI-A TAPE OSWA EKRI AN LÈT DETACHE	PRENON	DEZYÈM PRENON	NON FANMI (SA ENKLI SIFIKS)
NIMEWO TELEFÒN LAKAY	ADRÈS KOTE POU LI ALE-A (EKRI NIMEWO APATMAN-AN TOU, SI SA APLIKAB)		
NIMEWO TELEFÒN TRAVAY	VIL ETA		ZIP KÒD

# ENFÒMASYON AK ENSTRIKSYON POU APLIKASYON POU BATISTÈ

**SÈTIFIKA SOU ÒDINATÈ:** Tout Ajan Deta ak Federal asepte Sètifika sou òdinatè epi moun kapab itilize-yo pou nenpòt ki kalite vwayaj.

Dabitid sa pran ant **3 a 4 jou**, depi dosye-an ak aplikasyon-an konplè epi annòd.

Yon Sètifika sou Òdinatè gen de fòma diferan ki se:

- Yon Sètifika yon nesans anrejistre (2004 rive Jounen Jodi-a), bay enfòmasyon sila-yo sou nesans-la: Non Timoun-nan, Dat Nesans-li, Sèks-li, Lè Nesans-la, Pwa, Kote Timoun-nan Fèt (Vil, Konte ak Lye) ak Enfòmasyon sou Paran.
- Yon Sètifika yon nesans anrejistre (1917 rive 2003), bay enfòmasyon sila-yo sou nesans-la: Non Timoun-nan, Dat Nesans-li, Sèks-li, Konte Kote Timoun-nan Fèt ak Non Paran-yo.
- Si moun-nan te fèt anvan 1917, se fotokopi sèlman ki disponib. Lè w'ap fè kòmman-nan, chwazi Kopi sou Òdinatè pou \$9. Dosye-yo disponib sòti ane 1865 rive jounen jodi-a men pa gen anpil ladan-yo pou ane 1865 rive 1916.

**FOTOKOPI:** Yon fotolopi se sètifika nesans ki anrejistre nan dosye-a. Fotokopi Batistè se dokiman ki sètifye. Dabitid sa pran apeprè 10 jou.

**DISPONIBILITE:** Lwa eta-a pat egzije batistè anvan 1917, men gen dosye ki rive jiska 1865. Ou pa kapab kòmande konsa batistè ki sele poutèt adopsyon, detèminasyon patènite oswa òdonans tribinal. Pou dosye ki sele, ekri bay ATTN: Records Amendment Section (Seksyon Amanman Dosye-a) nan adrès ki anba-a.

**ELIJIBILITE:** Men sèl moun ki kapab resevwa batistè:

1. Moun ki anrejistre-a (timoun ki gen non-li sou batistè-a) si li majè (18tan)
2. Paran ki gen non-yo sou Batistè-a
3. Gadyen Legal (li dwe pote dokiman ki pwouve li se gadyen legal)
4. Reprizant legal moun ki nommen anlè-a
5. Lòt moun si se tribinal-la ki voye-yo (yo dwe pote òdonans tribinal-la oswa yon kopi sètifye òdonans sa-a)

Nan ka moun ki anrejistre-a mouri, lè yo resevwa sètifika desè moun ki mouri-a, yo gen dwa bay yon sètifika batistè bay mari/madanm-nan, pitit, pitit pitit, frè, sè, si yo gen laj legal-la, oswa bay reprizant nan nenpòt kilès nan moun sa yo oswa paran.

Nenpòt moun ki gen laj legal-la gen dwa resevwa yon kopi sètifye yon batistè (sòf si batistè-an sele) pou nesans ki fèt plis pase santan desa.

**KONDISYON KÒMANN-NAN:** Si aplikan-an ap mande batistè pa li, si aplikan-an se paran, gadyen oswa reprizant legal moun ki sou ak nesans-la, aplikan-an dwe ranpli aplikasyon sa-a epi bay yon pyès idantite ki gen foto (ID). Si ou se yon gadyen legal, ou dwe bay kopi papye ki ba-ou gad timoun-nan lè w'ap fè demann-nan. Si ou se yon reprizant legal, fòk ou bay nimewo idantite-ou kòm avoka, epi fòk ou enkli yon esplikasyon ki moun w'ap reprizante-a ak relasyon yo genyen ak moun ki anrejistre-a. Si ou se yon moun k'ap travay pou yon ajans lokal, deta oswa federal, epi se ajans-la k'ap mande dosye-a, make non ajans-la nan espas ki ekri "relasyon." Men Men pyès idantite ak foto ki aseptab: **Lisans, Kat Idantite Eta a ba ou, Paspò, ak/oswa Kat Idantite Militè**

**RELASYON AK MOUN KI ANREJISTRE-A:** Yon moun k'ap kòmande pwòp sètifika pa-li dwe ekri "SELF" (MWEN MENM) nan espas sa-a. Epiou, esplike si ou chanje non-ou, non mari-ou, non ou chanje legalman (kilè epi ki kote), ets. Lòt moun dwe esplike klèman kijan yo fè elijib (Gade ELIJIBILITE anlè-a)

**NOU PAP REMÈT LAJAN:** Nou pap remèt lajan ou peye-a pou dosye Vital. Gen yon sèl esepsyon. Lè nou pa jwenn dosye-a epi ou te peye lajan pou kopi anplis, n'ap remèt-ou lajan-an si ou fè yon demann alekri.

**SIYATI APLIKAN:** Li obligatwa, menm jan tou ak non-li an lèt detache, adrès lakay-li ak nimewo telefòn-li.

**OPSYON POU KÒMANN ESPRÈS:**

- **KAT KREDI:** Nan moman-an, eta-a pa gen dwa asepte kat kredi, men gen yon konpayi prive ki asepte kat kredi; l'ap fè w' peye yon frè \$7 plis yon Frè Esprès \$10 bay Biwo Leta-a epi l'ap transfere kòmman-nan bay Vital Statistics. Telefòn konpayi prive sa-a se 1-877-550-7330 epi faks-li se 1-877-550-7428 pou si ou ta gen demann. Antouka, ou gen dwa rele (904) 359-6900 epi fè sa vwa otomatik-la di ou nan telefòn-nan pou yo transfere-ou bay konpayi prive-a san ou pa peye anyen. Si ou gen nenpòt ki keksyon, rele Biwo Estatistik Vital-la nan (904) 359-6900, Est. 9000 epi moun Sèvis Kliyantèl-yo ap kapab ede-ou.
- **LAPÒS:** Lè ou voye kòmman-ou ak yon anvlòp ki ekri ESPRÈS epi ou enkli \$10 anplis lajan pou rechèch-la, (depi dosye ak aplikasyon-an konplè epi annòd), n'ap fè rechèch-la pi rapid. Sa pa enkli dosye maryaj ki mande amannman. Si gen yon amannman ki nesèsè, sa va pran plis tan.
- **SÈVIS FASAFAS:** Disponib nan 1217 Pearl Street nan Jacksonville, Laflorid. Kòmman ki peye alavans anvan midi ap pare apre 3:30 nan apre midi. Kòmman ki peye alavans apre midi ap pare a 10:00 nan maten jou ouvrab apre-a. Chak demann dwe gen avèk li yon pyès idantite ki gen foto. Sèvis esprès pou sètifikasyon fotokopi mande yon frè esprès \$10.

**LÈ NESANS-LA:** Yo pa gen enfòmasyon sa-a pou nesans ant 1949 ak 1969.

## **VOYE APLIKASYON SA-A PA LAPÒS AVÈK LAJAN-OU BAY**

**STATE OFFICE OF VITAL STATISTICS,**

**ATTN: CLIENT SERVICES**

**P.O. BOX 210**

**Jacksonville, FL 32231-0042**

**TANPRI VIZITE SIT ENTÈNÈT NOU-AN**

[http://www.doh.state.fl.us/planning\\_eval/vital\\_statistics/index.html](http://www.doh.state.fl.us/planning_eval/vital_statistics/index.html)